# SINONIMLERDI OQÍTÍWDA «BLUM» TAKSONOMIYASÍNAN PAYDALANÍW

**Karamatdinova Gawhar Tayırovna**
*Ajiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogika institutı tayanısh doktorantı*
E-mail: gauharkaramatdinova6@gmail.com

DOI https://doi.org/10.5281/zenodo.15079641

***Annotaciya.*** *Sinonimler tildiń sózlik quramınıń bay ekenin kórsetip turıwshı ózine tán qural bolıp esaplanadı. Sinonimler seslik quramı boyınsha hár túrli, al mánilik jaqtan bir-birine jaqın sózler. Sinonimler bir sózdiń tekstte jónsiz qaytalana bermewi ushın da qollanıladı.*
***Gilt sózler:*** *Leksika, sinonim,«Blum» taksonomiyası.*

***Abstract.*** *Synonyms are a unique means of expressing the lexical richness of a language. Synonyms are words that differ in sound composition but are similar in meaning. Synonyms are also used to ensure that the same word is not repeated in a text.*
***Key words****: Vocabulary, synonyms, «Blum’s taxonomy».*

***Аннотация.*** *Синонимы являются своеобразным средством выражения лексического богатства языка. Синонимы - это слова, разные по звуковому составу, но схожие по значению. Синонимы используются также для того, чтобы одно и то же слово не повторялось в тексте.*
***Ключевые слова:*** *Лексика, синонимы, «Таксономия Блума»*

Tildiń stilistikası hám ámeliy stilistikasında eń oraylıq orındı sinonimiya iyeleydi, sebebi sinonimlik uyadaǵı (qatardaǵı) sózlerde óz ara qatnas júdá ayqın kórinedi, sonlıqtan da bunday birlikler bir sistemalas birlikler bolıp tabıladı. Sinonimler bir-birine leksikalıq mánileri boyınsha emes, al, tek ózleriniń qosımsha stillik belgileri arqalı ajıraladı, yaǵnıy olardıń leksikalıq mánileri, bir jaǵınan, teń bolsa, al, ekinshi, stillik jaǵınan qarama-qarsı boladı. Máselen, *bas-gelle, júzi-shırayı, sıyqı-reńki-beti-ápsheri* sózleri mánisi boyınsha biri birine qanshama jaqın bolǵanı menen, stillik qollanılıwı jaǵınan bir-birinen parıq qıladı. Solay etip, stillik qatnaslar tek óz ara sinonimlik qatnasta turǵan til birliklerinde kórinedi. [1.5].

Sinonimler qosımsha máni názikligi, emocional hám ekspressiv boyawı, qollanılıw sheńberi hám bir qatar usı sıyaqlı basqa da qásiyetleri menen bir-birinen parıqlanadı. Olarda bar bolǵan bunday qásiyetler sinonimlerdiń júdá úlken stilistikalıq imkaniyatlarǵa iye ekenligin kórsetedi. Sinonimler predmet, waqıya hám qubılıslardıń eń kishi názik belgilerin, bul belgilerge bolǵan subyektiv qatnastı hám basqalardı kórsete alar eken, olar, álbette, tildiń súwretlew quralları sıpatında qaraladı. [2.6].

Sinonimler tildiń sózlik quramınıń bay ekenin kórsetip turıwshı ózine tán qural bolıp esaplanadı. Tilde sinonimlerdiń kóp bolıwı tildiń estetikalıq xızmetin jáne de

tolıq orınlay alıwın ańsatlastıradı. Jazıwshılar tildegi sinonim sózlerdiń ishinen oylaǵan oyına muwapıq keletuǵın anıq sózlerdi tawıp, óziniń shıǵarmalarında qollanıwǵa háreket etedi, sol arqalı shıǵarma qaharmanlarınıń ruwxıy jaǵdayların hám súwretlew obyektiniń eń kishi táreplerine deyin real kórsetip beriwge umtıladı.

Sinonimlerdi úyreniw, onnan paydalanıw barlıq mádeniyatlı adamlar ushın da kerekli. Adamnıń tili sózge qansha bay bolsa, onıń mádeniyatı da sonsha joqarı boladı. Biz sabaq barısında sinonimleri úyretiw arqalı jámiyetimizge sawatlı,til baylıǵı joqarı insanlar jetilisiwine úles qosqan bolamız. Oqıwshılarǵa sinonim sózler tuwalı teoriyalıq bilimler berip, soń ámeliy shınıǵıwlar islew arqalı sabaqtı nátiyjeli orınlay alamız. Házirgi jańa áwlad sabaqlıqlarında oqıwshılarda tereń pikirlew maqset etip alınǵan. Sol sebepten bul maqalada sinonim sózlerdi Blum taksonomiyası tiykarında jańa bilim beriwdi usınıs etpekshimiz.

*Taksonomiya* sózi *grekshe* sóz bolıp, «tártip penen jaylastırıw» mánisin bildiredi. Amerikalı belgili psixolog hám pedagog Benjamin Blum soraw hám tapsırmalar sisteması – biliw iskerligi dárejelerine tiykarlanǵan oqıw maqsetlerine taksonomiyası zamanagóy tálimde keń taralǵan. Blum sisteması biliw qábiletleriniń rawajlanıwına muwapıq altı  dárejege ajıratıladı.Blumǵa kóre oylaw dárejelerde boladı. Bul dárejeler tómendegi belgiler hámde hár bir dárejege muwapıq feyiller menen ańlatıladı.



*Biliw* dáslepki oylaw dárejesi bolıp, bunda oqıwshı atamalardı, anıq qağıydalar, túsindirmeler, faktler, kriteryalar, jónelisler, karegoriyalar, klassifikaciyalar, sonday-aq, ulıwmalıq pikirler, struktura hám sol sıyaqlılardı biledi, esleydi, takirarlaydı, toplaǵan bilimlerin bayan ete aladı. Bunda oqıwshılar sinonimler haqqında dáslepki bilimlerge iye boladı. Olardı orınlı, stillik maqsetlerde durıs paydalanıwına itibar beriledi. Bul ushın mısallarda sáykes sinonimlerdi tańlap qollanıw, jeke sózler menen frazeologizmler arasındağı sinonimiya, tekstlerde sinonimlerdiń juplasıp qollanıwındağı ózgeshelikler, sóz shaqaplarına tiyisli sinonimlik sıńarlar haqqında túsinik beriledi.

*Túsindiriw* dárejesindegi oylawǵa iye bolǵan oqıwshı faktler, qağıydalar, sızılmalar, ańlatpalardı túsinedi, qayta dúzedi hám ózgertire aladı, belgili maǵlumatlar tiykarında keleshekte qalay qollanıw kerekligin ańlaydı. Sinonimlerdi úyrengenimizde bir sinonim sózdiń ornına ekinshisin qalay qollanıw kerekligin yaǵnıy sáykes sózdi tawıp qollanadı. Mısalı: *bálent, biyik, úlken.*

*Qollaw* dárejesindegi oylawǵa iye bolǵan oqıwshı alǵan bilimlerin tek dásturiy emes halatlarda da paydalanadı hám olardı belgili bir model, formula, kórsetpe tiykarında tuwrı qollaydı. Máselen: *sulıw, shiraylı, kórkem – qız.* Bul tek qızǵa tán qollanıladı *jigit* sózine qollana almaymız.

*Analiz* dárejesindegi oylawǵa iye bolǵan oqıwshı pútinniń bólimlerin hám olar ortasındağı baylanısların ajırata aladı, tereń pikirlew tiykarında qátelerin kóre aladı, faktler arasındağı parıqlardı ajıratadı, maǵlumatlardıń áhmiyetin bahalaydı. Bul basqıshta tekst penen islesip, ishinen sinonimi bar sózlerdi tabadı.

*Sintez* ulıwmalastırıwshı dárejesindegi oylawǵa iye bolǵan oqıwshı óz betinshe jumıs orınlaydı, qálegen bir tájiriybe ótkeriw rejesin dúzedi, birneshe tarawlardağı bilimlerden paydalanadı. Máselen tómendegi súwretke qarap tekst dúzedi hám qaysı tarawǵa tiyisli ekenligin tabadı.



*Bahalaw* joqarıda kórsetilgen barlıq kategoriya boyısha anıq kórsetilgen kriteriyalarǵa tiykarlanıp, yaǵnıy oqıp túsiniw, tıńlap túsiniw, jazıw, sóylew kónlikpeleri tiykarında bahalanadı.

Ulıwmalastırıp aytqanımızda, qaraqalpaq tili sabaǵında sinonimlerdi oqıtıwda «Blum» taksonomiyası tiykarında túsindiriw mánileri bir-birine jaqın sózlerdi ózlestiriw hám awızeki sóylewde sózlerdi tuwrı qollanıwǵa tiykar jaratadı.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar:**

1. Бекбергенов А. Қарақалпақ тилиниң стилистикасы. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1990, 5-бет.
2. Абдурахманов Х., Маҳмудов Н. Сўз эстетикаси. Тошкент, 1981, 6-бет.
3. E.Berdimuratov. Házirgi qaraqalpaq tili. Leksikalogiya. Nókis. «Bilim», 1994.
4. Sh.Allaniyazova, J.Táńirbergenov. Qaraqalpaq tilin oqıtıwda innovaciyalıq texnologiyalar (oqıw qollanba). Nókis. «Bilim», 2015.
5. Piriniyazova A., Shınnazarova S. Házirgi ádebiy til (leksikologiya) di oqıtıwda innovaciyalıq usıllar. Toshkent: «Tafakkur qanoti», 2020.
6. M.Qálenderov. Qaraqalpaq tili sinonimleriniń qısqasha sózligi. Nókis. «Qaraqalpaqstan».1990.
7. D.Seytkasimov., G.Bekmuratova. Psixologiyalıq terminlerdiń túsindirme sózligi. . Nókis. «Qaraqalpaqstan». 2023.
8. Shinnazarova, S. J., & Mambetova, G. J. (2020). PARONIMIA IN THE KARAKALPAK LANGUAGE. *Theoretical & Applied Science*, (3), 67-70.